

# Èske pitit ou an bezwen fè yon tès pou plon?

Non Timoun lan:

Dat Nesans Timoun lan:

Dat Jodi a:

(FOR OFFICE ONLY) – MRN #:

- |  |    |     |               |
|--|----|-----|---------------|
| 1. Èske pitit ou an abite oswa vizite regilyèman yon bilding ki te konstwi anvan 1978 kote gen posibilite pou timoun lan ekspeze nan plon, tankou penti k ap dekale oswa k ap fè miyèt, ki te gen renovasyon oswa chanjman estrikti dènyèmman oswa k ap fèt aktyèlman, oswa ki gen nivo plon wo nan dlo pou bwè?   | WI | NON | PA FIN KONNEN |
| 2. Èske pitit ou an te pase nenpòt kantite tan deyò Etazini nan ane ki sot pase a?   | WI | NON | PA FIN KONNEN |
| 3. Èske pitit ou an abite oswa jwe avèk yon timoun ki gen yon nivo plon ki wo nan san li?  | WI | NON | PA FIN KONNEN |
| 4. Èske pitit ou an gen andikap nan devlopman, mete bagay ki pa manje nan bouch li, oswa dekale osnon deranje sifas ki pentire?  | WI | NON | PA FIN KONNEN |
| 5. Èske pitit ou an gen kontak souvan avèk yon granmoun ki ka pote tras plon lakay la soti nan yon travay oswa yon pastan tankou: pentire kay, plonbri, renovasyon, konstriksyon, reparasyon machin, soudi, reparasyon elektwonik, resiklaj batri, fondri plon, bijou, fabrikasyon vit koulè dekorasyon (vitray) oswa potri, lapèch (pwa, “plon”), zam a fe, oswa kòlèk ti dekorasyon an plon oswa eten? | WI | NON | PA FIN KONNEN |
| 6. Èske fanmi ou itilize medikaman tradisyonèl, remèd sante, pwodui kosmetik, poud, epis santi bon, oswa manje ki sot nan lòt peyi?  | WI | NON | PA FIN KONNEN |
| 7. Èske fanmi ou kwit, sere, oswa sèvi manje nan kristal, eten, oswa potri ki sot nan lòt peyi?  | WI | NON | PA FIN KONNEN |
| 8. Èske pitit ou an te rate yon tès pou plon? New York State egzije fè tès pou plon pou tout timoun nan laj 1 ane epi teste timoun yo ankò nan laj 2 zan.  | WI | NON | PA FIN KONNEN |

**Si ou reponn “WI” oswa “PA FIN KONNEN” pou nenpòt nan kesyon sa yo, pitit ou an ka bezwen fè yon tès san pou plon.**

Plon poze yon pwoblèm, espesyalman pou timoun ki poko gen 6 zan yo. Li enpòtan pou oumenm ak founisè swen sante ou konnen nivo plon ki nan san pitit ou an.

[www.health.ny.gov/LeadTestKids](http://www.health.ny.gov/LeadTestKids)

